



Pou Piblikasyon Imedya: 13/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON PREMYE ANE REYISI POU KONJE FAMILYAL PEYE KI PI DJANM NAN NASYON AN

*Gen yon nouvo rapò ki montre gen plis pase 8 milyon travayè ki kouvri epi plis pase 128,000 Nouyòkè ki te sèvi avèk Konje Familyal Peye a pandan premye ane a*

*New York te bay pi bon rezilta pase lòt eta pou premye ane Konje Familyal Peye a nan to patisipasyon jeneral; nan pousantaj gason ki te sèvi avèk Konje Familyal Peye a; ak nan pousantaj travayè ki te pran konje pou okipe yon manm nan fanmi yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Konje Familyal Peye (Paid Family Leave) enpòtan New York la te fè plis pase 8 milyon travayè toupatou nan Eta a jwenn konje peye ak pwoteksyon pou travay yo epi 128,000 moun te sèvi avèk avantaj la nan tout eta a an 2018. Pami 8 milyon travayè ki te kouvri yo, plis pase 2 milyon pa t gen ni kouvèti ni pwoteksyon anvan sa dapre Lwa fedral sou Konje Familyal ak Medikal la (Family & Medical Leave Act). Konpare avèk premye ane lòt eta yo ki ofri konje familyal peye, New York te gen pi gran to patisipasyon an jeneral, pi gran pousantaj gason ki te sèvi avèk Konje Familyal Peye a, ak pi gran pousantaj travayè ki te pran Konje Familyal Peye pou okipe yon manm nan fanmi yo ki gen yon pwoblèm sante grav. Nan New York, anplwaye yo kapab sèvi avèk Konje Familyal Peye a pou rapwoche yo de nouvo pitit yo, pou ede soulaje presyon familyal la lè yo rele yon konjwen, yon konpayon/konpay, yon pitit oswa yon papa/manman nan sèvis militè aktif aletranje, oswa pou okipe yon manm nan fanmi an ki gen yon pwoblèm fizik oswa mantal grav.

"New York te pwomilge lwa ki pi djanm nan nasyon an sou konje familyal peye pou pèsonn pa oblije chwazi ant pèdi djòb yo ak rate nesans yon timoun oswa okipe yon manm nan fanmi an ki malad", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan premye ane a nou deja ap wè rezilta eksepsyonèl - plizyè dizèn milye anplwaye te sèvi avèk avantaj enpòtan sa a epi plizyè milyon ankò jwenn konje peye avèk pwoteksyon pou djòb yo. Premye reyisit sa a demontre yon fwa ankò angajman nou nan non sèlman pwomilge politik pwogresif, men epitou nan atenn rezilta toutbon alontèm."

"Kòm manman, mwen konnen jan sa difisil pou eseye fè ekilib ant responsabiltè nan travay ak lakay", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Ankenn fanmi pa ta dwe oblije chwazi ant genyen yon chèk salè ak okipe yon timoun oswa yon paran ki malad. Se poutèt sa nan New York, nou gen pwogram Konje Familyal Peye ki pi konplè nan nasyon an ki sèvi kòm modèl pou lòt eta yo suiv. Gran pwogram lan fè pati efò san rete nou yo pou garanti aksè ak opòtinite egal pou tout gason ak fanm k ap travay di yo."

Gade [Bilan Konje Familyal Peye a pou Lane 2018 \(Paid Family Leave 2018 Year in Review\)](#) pou yon rapò konplè sou premye ane Konje Familyal Peye a nan New York.

Yon majorite travayè yo ki te pran Konje Familyal Peye pandan premye ane a te fè mwens pase 60,000 dola pa ane epi gwoup ki t ap fè plis reklamasyon an te fè mwens pase 40,000 dola pa ane.

Avantaj ki disponib yo pi solid toujou ane sa a. Apatide 1ye Janvyè 2019, pifò Nouyòkè k ap travay yo te vin kalifye pou pran jiska 10 semèn konje peye avèk pwoteksyon djòb yo a 55 pousan salè mwayen yo pa semèn. Se yon ogmantasyon pa rapò ak avantaj 2018 yo ki te uit semèn a 50 pousan salè.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te siyen yon lejislasyon nan dat 3 Fevriye 2019, pou elaji definisyon Lwa sou Konje Familyal Peye a genyen pou "pwoblèm sante grav" pou klèman mete ladan preparasyon anvan ak gerizon apre operasyon ki gen pou wè avèk don ògàn oswa tisi, epi konsa garanti moun ki fè kado yo kapab resevwa swen nan men manm fanmi yo ki kalifye selon Konje Familyal Peye a nan New York.

Avantaj Konje Familyal Peye yo pral kontinye ogmante jiska 2021, epi lè sa a anplwaye yo pral kalifye pou jiska 12 semèn konje peye a 67 pousan salè mwayen yo pa semèn, avèk yon plafon 67 pousan Salè Mwayen Pa Semèn pou Tout Eta a (Statewide Average Weekly Wage).

**Nancy Rankin, Vis-Prezidan Sosyete Sèvis Kominotè a (Community Service Society), yon òganizasyon k ap mennen nan lit kont pòvte a epi yon defansè konje familyal peye a, te deklare,** "Jodi a, avèk piblikasyon estatistik yo sou premye ane aplikasyon Konje Familyal Peye a, nou wè kokennchenn efè pozitif li genyen sou bay Nouyòkè y ap travay yo tan ak sekirite finansye yo bezwen an pou okipe fanmi yo. New York te premye eta ki te ofri 12 semèn konje avèk pwoteksyon djòb, epi sa enpòtan anpil; li pèmèt travayè ki gen revni ba yo pwofite avantaj sa a toutbon poutèt yo konnen yo gen yon djòb k ap tann yo. Plis pase mwatye reklamasyon yo se te Nouyòkè k ap fè mwens pase 60,000 dola pa ane, epi pi gwo pòsyon an nan reklamasyon yo— plis pase 30 pousan—se te moun k ap fè mwens pase 40,000 dola".

**Beth Finkel, ki se Direktè AARP Eta New York, te deklare,** "Moun k ap okipe fanmi yo nan mendèv la rekonesan dèske yo pa gen obligasyon ankò pou yo chwazi ant djòb yo ak okipe yon manm nan fanmi yo. Lwa solid sou Konje Familyal Peye a nan New York ap ofri soutyen esansyèl pou founisè swen yo, ki gen difikilte ekilibre responsabiltè familyal ak travay. Lwa sa a Gouvènè Cuomo t ap defann nan ap ede founisè swen yo ede pwòch yo vin granmoun aje lakay yo - jan nèt Nouyòkè sou 10 vle li - olye de nan kad swen nan etablisman ki pi chè lontan epi ki pou pifò finans avèk lajan kontribyab yo. Soutyen Konje Familyal Peye a ofri a esansyèl pou prèske 2.6 milyon moun k ap okipe fanmi yo nan New York, ki pote swen yo evalye a plis pase 31 milya dola chak ane epi ki jwe yon wòl enpòtan anpil nan sistèm swen sante nou an".

**Kristen L. Rouse, yon Ansyen Konbatan Lame Amerikèn, Direktris Fondatè Alyans Ansyen Konbatan Vil New York la (NYC Veterans Alliance), te deklare,** "Fanmi Militè ki nan sèvis Aktif nou yo, Rezèvis nou yo, ak Gad Nasyonal nou an dwe santi yo wè yo epi soutni yo pandan pwòch yo deplwaye pou sèvi nasyon nou an, epi

pandan y ap okipe sa ki retounen yo avèk blesi ki bezwen swen ak atansyon. Chak grenn fanmi militè ak ansyen konbatan ki gen avantaj Konje Familyal Peye a dwe konnen jan li enpòtan pou eta nou an ak nasyon nou an. Ane sa a make yon kòmansman solid, epi n espere wè plis manm fanmi militè ak ansyen konbatan sèvi avèk Konje Familyal Peye a lè yo vin okouran li epi gen konfyans yo byen merite soutyen avantaj enpòtan sa a ofri a".

**Sherry Leiwant ak Dina Bakst, Ko-Fondatè ak Ko-Prezidan A Better Balance, te deklare,** "Lwa sou Konje Familyal Peye a nan New York se yon revolisyon nan lit la pou garanti pa gen travayè k ap oblije fè chwa enposib ant okipe pwòch li ak chèk salè li. Dapre moun ki rele nou yo nan liy asistans telefonik nou an nou konnen ki diferans Konje Familyal Peye a fè pou Nouyòkè yo epi nou kontan wè chif yo konfime jan lwa sa a enpòtan. Reyisit pwogram nan se prè New York rete yon pyònye nan adopte ak reyisi pwomilge politik efikas pou travay epi n espere nouvel sa yo ki sòti nan New York pral ankouraje lòt eta ak gouvènman federal la pwomilge konje familyal ak medikal peye pou tout travayè yo".

**Donna Dolan, ki se Ansyen Direktris Egzekitif Kowalisyon pou Konje Peye nan New York la (New York Paid Leave Coalition), te deklare,** "N anchante wè rezilta pozitif yo pou premye ane Lwa revolisyonè sou Konje Familyal Peye a nan New York ak efè li genyen sou nouvo paran ak founisè swen toupatou nan eta a, nan pèmèt yo gen gran estabilite finansye ak sekirite travay pandan moman kritik sa yo nan lavi a. Nou rekonesan pou efò Gouvènè Cuomo fè yo nan mennen yon efò aplikasyon solid, epitou pou travay plizyè douzèn ajans eta ak rezo defansè ak òganizasyon toupatou nan eta a ki bay kominote yo enfòmasyon yo bezwen yo pou sèvi avèk nouvo avantaj pwisan sa a".

Pifò anplwaye yo k ap travay pou patwon prive kouvri pou Konje Familyal Peye; patwon piblik yo gen dwa chwazi ofri li tou. Anplwaye a plantan kou a tan pasyèl kapab vin kalifye pou pran Konje Familyal Peye. Anplwaye ki travay regilyèman plis pase 20 èdtan pa semèn vin kalifye lè yo fin travay pandan 26 semèn youn dèyè lòt pou menm patwon an. Anplwaye ki travay regilyèman mwen spase 20 èdtan pa semèn vin kalifye apre yo travay 175 jou pou menm patwon an, ki pa bezwen youn dèyè lòt. Ni sitwayènte ni estati imigrasyon pa faktè nan kalifikasyon anplwaye a.

Detay konplè yo sou Konje Familyal Peye a nan New York, ansanm avèk anpil resous pou patwon ak travayè, disponib sou sit wèb Konje Familyal Peye a, [PaidFamilyLeave.ny.gov](http://PaidFamilyLeave.ny.gov). Nou ankouraje popilasyon an pou yo rele Liy Asistans Konje Familyal Peye a tou nan (844) 337-6303 si yo gen nenpòt kesyon.

###

Lòt nouvel disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)